

Cerkak, Papan kang Loh tumrap Simbolisasi
Telah dimuat di “Sang Pamomong” Suara Merdeka (Minggu 3 Nopember 2002:
halaman XIV)
Dening : Afendy Widayat (FBS, UNY)

Crita cekak (cerkak) iku mujudake asiling sastra Jawa sing paling produktif sawise geguritan. Bab iki ora nggumunake, awit pancen *genre* iki nduwensi pawitan, yaiku sipate kang luwes, prasaja, lan sedheng.

Luwes, tegese bisa momot saksamubaranging masalah kang ngrenggani uriping manungsa, lan maneh bisa ditampa (diwaca) ing sadhengah papan lan kesempatan, amarga mung momot sakperkara wae.

Prasaja, tegese ora muluk-muluk. Beda karo *genre* geguritan, sing wujude asring *absurd* utawa peteng alias ora gampang ditampa maknane. Cerkak kang kalebu jenis prosa, lumrahe isih mengkoni konvensi tartamtu, mligine *konvensi* basa, yaiku basa gancaran sing tansah nggondheli prinsip-prinsip linguistik. Ya bab iki sing marakake cerkak luwih gampang ditampa maknane tinimbang geguritan.

Sedheng, tegese ora cendhak banget, ning ya ora dawa banget. Dadi wis cukup kanggo ngrasakake kenikmatane. Sedheng ing kene uga nduwensi teges ora kebangeten enthenge, lire wis ana sawatara “*permainan*” sing bisa dinikmati, kayata alure, tokohe, latare, lsp

Mula kang saka iku *genre* cerkak nduwensi kekuatan kanggo pengembangan, tundhone ngasilake cerkak-cerkak kang nengenake *simbolisasi* (cerkak *simbolis*). *Simbolisasi* ing kene, maksude ora mung *realis* kaya kang ana ing masyarakat, nanging wis migunakake simbol-simbol, kalebu kang asipat *surrealis*, kayata tokoh-tokohe sing dumadi saka barang mati sing bisa micara, peranganing badan kang urip dhewe, lsp.

Saka sawatara terbitan antologi cerkak, kabukti ngasilake saora-orane ana 15% nganti 30 % kang nengenake *simbolisasi* mau. Tuladhane, ing antologi cerkak *Liong Tembang Prapatan*, (Taman Budaya DIY, 1999) kang ngamot 17 (pitulas) irah-irahan wae, tinemu 6 (enem) kang awujud *surrealis simbolis*, yaiku *Sirah Anyar kanggo Sungeb, Kubur, Jumbleng, Teken, Lading*, lan Rokok.

Cerkak-cerkak *simbolis* kaya ngono mau, wiwit urip ngrembaka udakara dasa warsa kang pungkasane iki. Yen dijumbuhake karo kahanan sosial politik kita, sajake ya kahanan sosial politik iku sing melu nyengkuyung thukuling cerkak *simbolis* mau.

Simbolisasi iku luwih aman yen isine *ekspresi* kritik sosial politik, amarga ora melok, lan ora wantah. Wjude kang samar, alus, lan nganggo topeng simbolis mau sing ngalingi cerkak mau saka pambredhelane panguwasa. Bab iki cetha beda karo sing awujud geguritan utawa lakon (drama), sing luwih asring dipentasake saengga kritike nyolok banget. Beda maneh karo kang wujud novel, kang dawa nggladrah.

Nganti seprene novel Jawa akeh-akeh realis. Kang nengenake *simbolisasi* isih langka banget, utawa malah durung ana. Yen ta ana, simbol-simbol iku amung awujud *fragmentaris*, tegese mung bageyan-bageyan tartamtu, dadi ora disengkuyung dening bageyan-bageyan lan unsur-unsur liyane. Salah sawijining sebabe, yaiku pengarang Jawa isih kangelan, utawa ora yakin yen bisa gawe simbolisasi kanggo nutupi kahanan kang *realis* migunakake kalodhangan sing jembar tebahe kaya dene novel.

Suwalike, geneya *simbolisasi* milih mapan aneng cerkak? Sipate cerkak kang luwes, cukup mung sakperkara, nggampangake pengarang ndhapuk *simbolisasi*. *Realitas* sakperkara luwih gampang disulap nganggo simbol-simbol tinimbang pirang-pirang perkara. Saliyane kuwi *simbolisasi* sing dumadi saka *realitas* sing mung sakperkara mau luwih gampang disulap aneng struktur sing manunggal *koheren* sajroning “*satu kesatuan makna*”.

Kanggone cerkak, *simbolisasi* sing kedadeyan saka sakperkara mau, bisa njaga sifate sing prasaja lan ora muluk-muluk, ing antarane sebabe, marga anane *konvensi linguistik* sing kudu dituruti. Bab iki beda karo *simbolisasi* kang saka pirang-pirang perkara sing tundhone banjur kaya crita kang ngayawara. Crita sing kebacut dicap ngayawara, mesthi wae disiriki dening sing arep maca, mula pengarang wajib menggalihake babagan iki.

Sifate cerkak kang sedheng, ora akeh banget ning ya ora kesethithiken ndadekake cerkak *simbolis* mau *menarik* ning ora mboseni. Bab iki cetha beda karo geguritan sing rasane kaya mung sakkremyengan. Mung geguritan sing pancen apik tenan sing bisa nabet atine sing maca lan dieling-eling. Suwalike, cerkak *simbolis* sing jumbuh karo strukture, luwih gampang dieling-eling liwat alure, tokohe, lan liyaliiyane, amarga *struktur naratif*-e luwih cetha, luwih cetha alur critane. Mula cerkak mujudake papan kang loh tumrape ekspresi simbolis. Bab iki ora ateges nganggep geguritan iku ora penting, awit geguritan nduweni kadigdayan ing babagan liyane sing cetha luwih bobote tinimbang cerkak.

(Afendy Widayat, dosen FBS, UNY)

pdfMachine

A pdf writer that produces quality PDF files with ease!

Produce quality PDF files in seconds and preserve the integrity of your original documents. Compatible across nearly all Windows platforms, simply open the document you want to convert, click “print”, select the “Broadgun pdfMachine printer” and that’s it! Get yours now!

Giripeni, nalika ngenteni udan pisanan

pdfMachine

A pdf writer that produces quality PDF files with ease!

Produce quality PDF files in seconds and preserve the integrity of your original documents. Compatible across nearly all Windows platforms, simply open the document you want to convert, click "print", select the "Broadgun pdfMachine printer" and that's it! Get yours now!